

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan klori vinil. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li empòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsonèl ou ak abitid ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun eksposè nan klori vinil sitou nan espas travay yo. Si yon moun respire nivo wo klori vinil pandan kèk peryòd tan kout sa kapab lakòz moun sa a gen vètij, anvi dòmi, pèdi konesans, epitou, nan nivo ki wo anpil-anpil yo sa kapab lakòz moun nan mouri. Si yon moun respire klori vinil pandan kèk peryòd tan ki long sa kapab lakòz moun nan gen domaj pèmanan nan fwa li, reyakson iminitè, domaj nan nè li, ak kansè nan fwa. Yon te jwenn sibstans sa a nan omwen 616 sou 1,662 chantye nan Lis ki Gen Priyorite Nasional [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantife.

Kisa klori vinil ye?

Klori vinil se yon gaz san koulè. Li boule fasil epi li pa estab nan tanperati ki wo. Li gen yon odè modere ak dou. Se yon sibstans manifakti ki pa egziste nan lanati. Li kapab fòme lè lòt sibstans tankou triklowo-étèn, triklowo-étile, ak tetraklowo-étile dekonpoze. Yo itilize klori vinil pou fè klori polivinil (PVC). Yo itilize PVC pou fè anpil kalite pwodui an plastik, tankou kouch pwoteksyon tiyo, fil ak kab, ak materyèl anbalaj.

Yo konnen klori vinil sou non klowo-étèn, klowo-étile, ak monoklori etile.

Kisa k ap pase klori vinil lè li antre nan anviwònman an?

- Klori vinil likid evapore fasil. Klori vinil ki nan dlo oswa nan tè evapore vit si li toupre sifas la.
- Klori vinil ki nan lè a dekonpoze nan kè jou pou tounen lòt sibstans, kèk ladan yo kapab danjere.
- Ti kantite klori vil yo kapab fonn nan dlo.
- Klori vinil pa ka anpile nan plant oswa sou bêt ou ta ka manje.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan klori vinil?

- Si ou respire klori vinil ki te degaje pou soti nan endistri plastik, kote ki gen dechè danjere ak ranblè.

- Si ou respire klori vinil ki nan lè a oswa pandan li tonbe sou po kò ou oswa nan zye ou nan espas travay ou.
- Si ou bwè dlo nan pui ki kontamine.

Kijan klori vinil kapab afekte sante mwen?

Si ou respire nivo wo klori vinil sa kapab lakòz ou santi vètij oswa ou anvi dòmi. Si ou respire nivo ki wo anpil yo sa kapab lakòz ou pèdi konesans, epitou si ou respire nivo ki wo anpil-anpil yo sa kapab lakòz ou mouri.

Kèk moun ki respire klori vinil pandan anpil ane gen chanjman nan estrikti fwa yo. Moun yo pi ka gen chanjman sa yo si yo respire nivo wo klori vinil. Kèk moun ki travay avèk klori vinil gen domaj nan nè epitou yo gen reyakson iminitè. Nou pa konnen pi piti nivo ki lakòz chanjman nan fwa a, domaj nan nè yo, ak reyakson iminitè sou moun. Kèk travayè ki eksposè nan nivo klori vinil ki wo anpil gen pwoblèm avèk sikilasyon san nan men yo. Dwèt yo vin blan epi dwèt yo fè travayè yo mal lè yo antre nan fredi.

Nou pa konnen efè ki genyen lè yon moun bwè nivo klori vinil ki wo. Si ou lage klori vinil sou po kò ou, sa ap lakòz ou pa gen sansasyon, po kò ou vin wouj, ak zanpoud.

Etid yo fè sou bêt yo montre lè yon bêt eksposè pandan anpil tan nan klori vinil sa kapab domaje espèm ak testikil bêt la.

Klori Vinil

CAS # 75-01-4

Kijan klori vinil ka lakòz kansè?

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [Department of Health and Human Services (DHHS)] detèmine yo rekonèt klori vinil kòm yon sibstans ki lakòz moun gen kansè. Etid yo fè sou travayè ki te respire klori vinil pandan anpil ane te montre yon ogmantasyon nan risk pou gen kansè nan fwa, kansè nan sèvo ak kansè nan poumon, epitou yo te obsève kèk kansè nan sou travayè yo tou.

Kijan klori vinil kapab afekte timoun?

Yo pa pwouve klori vinil lakòz malfòmasyon nan nesans sou moun, men etid yo fè sou bêt yo sijere klori vinil ta ka afekte kwasans ak devlopman. Etid yo fè sou bêt yo sijere tou tibebe yo ak jèn timoun yo ta ka pi kapab gen kansè klori vinil lakòz pase adilt yo.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan klori vinil?

Lafimen tabak gen sèten nivo fèb klori vinil, poutèt sa si ou pa kite fanmi ou ekspoze twòp nan lafimen sigarèt oswa siga sa ka ede redui nivo yo ekspoze nan klori vinil.

Èske gen yon tès medikal pou detèmine si mwen te ekspoze nan klori vinil?

Rezulta anpil tès kapab pafwa montre si ou te ekspoze nan klori vinil. Yo kapab mezire klori vinil nan souf ou, men tès la dwe fèt yon ti tan apre ou te ekspoze ladan. Tès sa a pa itil pou mezire nivo klori vinil ki ba anpil yo.

Kantite pwodui prensipal klori vinil ki dekonpoze, asid tiyodiglikolik, nan pipi a ka bay kèk enfòmasyon sou nivo yon moun ekspoze. Men, tès sa a dwe fèt yon ti tan apre ou te ekspoze epitou li pa endike nivo ou te ekspoze a avèk presizyon.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante imen?

Yo kontwole klori vinil nan dlo pou bwè, manje ak lè a. EPA egzije pou kantite klori vinil nan dlo pou bwè pa depase 0.002 miligram pou chak lit (mg/L) dlo.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit 1 pati klori vinil pou chak 1 milyon pati lè (1 ppm) nan espas travay.

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)] kontwole nivo klori vinil ki nan anpil kalite plastik. Plastik sa yo gen ladan plastik ki pote likid ak plastik ki pran kontak avèk manje. Limit pou nivo klori vinil pa menm selon kalite plastik la ak itilizasyon li.

Referans

This ToxFAQs™ information is taken from the 1997 Toxicological Profile for Trichloroethylene (update) produced by the Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Public Health Service, U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service in Atlanta, GA.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.